

Yon gid pou imigran yo

## Refijye ak moun ki resevwa azil

Si ou se yon refijye oubyen ou gen estati azil *apwouve*, chanjman nan Medicaid ap vini. Men sa ou bezwen konnen.

- W ap pèdi kalifikasyon ou pou Medicaid nan dat 1ye oktòb 2026.
- Sepandan, ou kalifye pou asistans medikal pou refijye pandan 8 mwa apre ou fin resevwa azil oswa estati refijye. Ou ka kontakte biwo DSS lokal ou a pou aplike. Plis enfòmasyon disponib [la a](#).
- Si ou te ofisyèlman yon refijye oswa yon moun ki te resevwa azil epi kounye a ou resevwa rezidans pèmanan legal (kat vèt), ou *elijib imedyatman* pou Medicaid san yon peryòd datant apre ou fin resevwa kat vèt ou a.
- Ou kalifye pou TANF (Work First Cash Assistance) ak Revini Sekirite Siplemanntè imedyatman apre ou fin resevwa estati refijye oswa azil, si ou satisfè tout lòt kritè kalifikasyon yo. *Apre ou fin resevwayon* kat vèt, ou kalifye touswit pou SNAP (koupon manje [food stamps]).
  - Refijye yo ka aplike pou yon kat vèt apre yo fin pase 1 AN Ozetazini.
  - Moun ki resevwa azil yo ka aplike pou yon kat rezidans apre 1 AN nan peyi Etazini *si w gen yon estati azil apwouve*.

**ENPÒTAN:**  
Refijye ak moun  
ki jwenn azil ki  
se fanm ansent  
ak timoun ki  
poko gen 19 an  
apkontinye  
kalifye pou  
Medicaid apre  
1ye oktòb 2026,  
menm si yo poko  
gen kat vèt yo.

Ekip k ap defann  
dwa imigran ak  
refijye yo pwoteje  
epi defann dwa  
imigran ak refijye  
yo lè l ankouraje  
politik piblik ki  
favorize imigran epi  
lè l bay  
reprèzantasyon  
legal estratejik.



**Tan datant pou apwobasyon kat vèt ou a ka long, kidonk si ou poko kòmanse pwosesis pou jwenn kat vèt ou a, ou ta dwe pale ak yon avoka pi vit posib.**

- Si ou se yon refijye oswa yon moun k ap resevwa azil ki POKO gen yon kat vèt, ou kalifye pou pwogram sa yo, depi ou satisfè tout lòt kritè kalifikasyon yo:
  - Asirans sante nan men [Healthcare.gov](#) (men sèlman jiska 31 desanm 2026)
  - Pwogram nitrisyon pou fanm, tibebe ak timoun (WIC)
  - Manje midi ak dejene lekòl
  - Andikap Sekirite Sosyal ak retrèt Sekirite Sosyal

### PLIS OPSYON SWEN SANTE:

Pou jwenn èd pou jwenn swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki gratis oswa ki pa koute chè, pou aplike pou benefis, pou jwenn manje lokal oswa opsyon lojman ak plis ankò, gade fèy Resous sante nou an nan [www.ncjustice.org/health-resources](http://www.ncjustice.org/health-resources)

